



# UNITED PRODUCTION WORKERS UNION LOCAL 17-18

735 Wythe Avenue, Brooklyn, New York 11249  
Tel : (718) 875-2140 Faks : (718) 875-2292 Imèl : [info@Local1718.org](mailto:info@Local1718.org)

Madi 13 oktòb 2020

## AVI SOU NOMINASYON EPI ELEKSYON AJAN LOKAL 17-18, SENDIKA TRAVAYÈ NAN PWODIKSYON INI

Konfòmman ak yon akò sou konfòmite volontè (Voluntary Compliance Agreement) ki te siyen madi 20 me 2020 (ki ranplase akò 16 septanm 2019 lan, sa 2 mas 2020 an, epi sa 17 mas 2020 an) nouvo nominasyon, yon nouvo eleksyon ak enstalasyon ajan nan seksyon United Production Workers Union Local 17-18 la ap fèt anba sipèvizyon sekretè travay la. Akò pou konfòmite volontè a di U.S. Department of Labor (Ministè travay Etazini) Office of Labor Management Standards (OLMS) ki sipèvize eleksyon United Production Workers Union Local 17-18 pral fèt dapre Tit IV nan LMRDA a, epi nan mezi li legal epi kapab reyalize, konfòmman ak konstitisyon epi lwa United Production Workers Union Lokal 17-18 mwa avril 1981 an. Konsa, OLMS pral sipèvize eleksyon tout pozisyon biwo egzekitif Local 17-18 yo jan sa make annapre a.

This **Notice of Nomination and Election of Officers** is also available online in English, Spanish, Creole and Arabic on the United Production Workers Union Local 17-18 website at <http://Local1718.com>.

El Aviso de **Nominaciones y Elecciones de Oficiales** también está disponible en español en línea en la página de internet de la Local 17-18 de la United Production Workers Union en la siguiente dirección <http://Local1718.com>.

**Avi sou nominasyon epi eleksyon ofisye sa a** disponib tou sou entènèt la nan lang anglè, panyòl, kreyòl, epi arab sou sit entènèt United Production Workers Union Local 17-18 la nan <http://Local1718.com>.

Nominasyon ak eleksyon an ap anba sipèvizyon OLMS. Se anketè a, Christina Rim, k ap sipèvize eleksyon an. Ou ka kominike avèk Madan Rim nan biwo OLMS New York District Office, 201 Varick Street, Room 878, New York, NY 10014-4811, (telefòn) 202-860-6942, (imèl) [UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov](mailto:UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov).

American Arbitration Association (AAA) angaje pou l jere sèten nan pwosedi eleksyon lane 2020 an.  
Pa egzanp : anvw pa lapòs, konte bilten vòt yo, anba sipèvizyon OLMS.

Kandidati yo se pou pwochen manda a, lendi 14 desanm 2020 an k ap fini jedi 30 septanm 2021, pou pòs prezidan, vis-prezidan, sekretè-trezorye, sekretè pou anrejistreman, ak twa manm konsèy egzekitif la.

**Nominasyon :** DAT LA : Mèkredi 21 oktòb 2020

KI LÈ : 6:30 p.m. EST

KI KOTE : **Nan lyen elektwonik Zoom Meetings k ap afiche sou sit entènèt Local 17-18 la nan** <http://Local1718.com>

1. Tout manm ki ta swete prezante kandida, dwe rekonèt pa prezidan an nan reyinyon an e se pou l idantifye tèt li anvan li mete non manm lan kòm kandida. Manm ki fè yon nominasyon gen pou l pare pou l idantifye, avèk prezidan, kandida a, e se pou l bay bon òtograf non kandida a.
2. Tout manm ki an règ gendwa plase pou nominasyon yon manm ki kalifye epi anrèg tou pou kandidati, an kontan limenm tou pou tout pòs ki lib. Moun ki pran retrèt yo pa kalifye pou yo nomine, poze kandidati pa yo, epi sèvi kòm ajan. Segonn yo pa nesèsè. Dapre Atik VI, Seksyon 2 (a) nan konstitisyon ak lwa Local 17-18 la, pou ka kalifye pou nomine kandida yo, se pou yon manm an règ nan moman reyinyon nominasyon an. Anrèg vle di se pou kotizasyon yo ajou (peye pou jouk 31 out 2020) nan moman reyinyon nominasyon an kise mèkredi 21 oktòb 2020.

3. Olye pou w vini nan reyinyon kandidati a, nominasyon alekri ap aksepte tou men se pou yo gen tout non, kowòdone, epi adrès travay toude nominatè a ak moun li nomine a, kat dènye chif nimewo sosyal nominatè a, epi pou ki pòs li nomine moun lan. Yon fòmilè akseptasyon ap disponib tou nan <http://Local1718.com> oubyen w ka sonnen sekretè biwo sendika a, Fraidy Weill, nan nimewo 718-875-2140. Kandidati alekri dwe soumèt bay sipèvizè elektoral ministè travay la pa imèl nan [UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov](mailto:UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov) oubyen pa tèks nan nimewo 202-860-6942. Oubyen soumèt bay UPWU Local 17-18 Attn : Fraidy Weill pa lapòs nan 735 Wythe Avenue, Brooklyn, NY 11249 oubyen pa faks nan nimewo 718-875-2292.
4. Li konseye pou kandida a konfime li resevwa fòmilè akseptasyon li an swa avèk sekretè biwo sendika a, Fraidy Weill, oswa avèk sipèvizè eleksyon an. **Kandidati alekri dwe pou yo resevwa opita 6:30 p.m. mèkredi 21 oktòb 2020.**
5. Infwa kandida yo deklare pou chak pòs, kandidati yo ap fèmen e pa gen okenn lòt kandidati k ap aksepte pou pòs sa a. Kandida gendwa aksepte nonnominasyon pou yon sèl pòs.
6. Pou kalifye kòm kandida nan eleksyon an, yon manm gen pou l respekte Konstitisyon ak règleman sendika pwodiksyon travayè lokal 17-18 (United Production Workers Union Local 17-18 Constitution and Bylaws) Atik VI, Seksyon 2C, epi se pou l manm anrèg Local 17-18 omwen yon lane depi anvan reyinyon nominasyon an (madi 1 oktòb 2019 jouk mèkredi 30 septanm 2020). Se responsablite chak manm pou l verifiye si l anrèg. Eitati yon manm kapab verifiye nan kominikasyon avèk Esther Wurzberger, nan 718-875-2140 x 220 oswa imèl [esther@local1718.org](mailto:esther@local1718.org) biwo Local 17-18 la. Tout kesyon ki konsène kalifikasyon nan pòs la dwe ale bay Esther Wurzberger a tou. Tout lòt ankèt oubyen litij ki konsène kesyon anrèg sou sa ki konsène kandida nan eleksyon an dwe ale bay sipèvizè eleksyon an, Christina Rim.
7. Chak moun ki nomine dwe soumèt, yon fòmilè li siyen pou l aksepte nominasyon li an epi montre kijan non l ap ekri sou bilten vòt la, bay Department of Labor Election Supervisor (sipèvizè elektoral ministè travay la) swa nan [UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov](mailto:UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov) oswa pa tèks nan 202-860-6942. Oubyen soumèt bay UPWU Local 17-18 Attn : Fraidy Weill pa lapòs nan 735 Wythe Avenue, Brooklyn, NY 11249 oubyen pa faks nan nimewo 718-875-2292. Yon fòmilè akseptasyon kandidati a ap disponib tou nan <http://Local1718.com>, oubyen w ka sonnen sekretè biwo sendika a, Fraidy Weill, nan nimewo 718-875-2140. **Si yon kandida pa prezan, se mam ki fè nominasyon kandida a ki responsab pou l enfòmè kandida a sou nominasyon an. Fòmilè akseptasyon ki siyen an dwe soumèt opita 6:30 p.m. jedi 22 oktòb 2020.**
8. Li konseye pou kandida a konfime li resevwa fòmilè akseptasyon li an swa avèk sekretè biwo sendika a, Fraidy Weill, oswa sipèvizè eleksyon an. **Kandida ki pa retounen fòmilè akseptasyon an anvan dat limit jedi 22 oktòb 2020 an, pa p nan bilten vòt la.** Jan sa make anwo a, chak kandida dwe montre kijan pou ekri non l sou bilten vòt la.
9. Sendika a ap avize alekri chak kandida ki detèmine li pa kalifye e y ap bay rezon presi ki fè yo pa kalifye a, sa ap fèt opita jedi 27 oktòb 2020.
10. Pou asire sekirite manm sendika a, pèsonèl DOL la, ak lòt pandan pandemik ki gen alèkile a, p ap gen okenn komite eleksyon k ap nonmen. Sendika epi AAA pral jere eleksyon an anba sipèvizyon OLMS.
11. Tout kandida ki kalifye gendwa patisipe nan yon reyinyon pou kandida pou yo egzamine tout règ elektoral epi kanpay yo. Reyinyon sa a ap fèt mèkredi 28 oktòb 2020 a 6:30 p.m. Sendika a ap founi kandida yo yon lyen elektwonik pou yon reyinyon vityèl.
12. Kandida ki swete gade lis k ap voye pa lapòs la apre madi 13 oktòb 2020 dwe ekri yon imèl bay sendika a nan [info@Local1718.org](mailto:info@Local1718.org) epi voye yon kopi imèl la tou bay sipèvizè eleksyon an nan [UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov](mailto:UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov) pou yo pran yon randevou. Biwo sendika a louvri 9:00 a.m. jouk 5:00 p.m. lendi pou jedi, epi 9:00 a.m. jouk 12:30 vandredi.

## AVI SOU ELEKSYON

**BILTEN VÒT AP VOYE BAY MANM YO PA LAPÒS :** Vandredi 13 novanm 2020

**DEPOZE BILTEN VÒT KI VOTE NAN PO BOX KI DEZIYEN AN :** Lendi 14 desanm 2020 a 9:00 a.m.

**DAT KONTAJ LA :** Lendi 14 desanm 2020 a 10:00 a.m.

**LOKAL KONTAJ LA :** American Arbitration Association (AAA)  
120 Broadway, Concourse Level  
New York, NY 10271

- Kandida yo gendwa obsève preparasyon an ak anvwa bilten vòt yo. Kandida ak / oubyen obsèvatè pa yo fèt pou yo bay swa AAA non ak kowòdone pa yo a sou senk jou e se pou yo fè sa anvan dat pou mete yo pa lapòs oubyen remèt yo bay sipèvizè eleksyon an nan reyinon avèk kandida yo. Kandida k ap prezante an gwoup dwe chwazi yon moun ki pou aji kòm obsèvatè a. AAA gendwa mete yon limit sou kantite obsèvatè ki genyen e tout founisè li chwazi ap depann sou konsiderasyon ki anrapò avèk pandemik COVID-19 la.
- Si w pa resevwa bilten vòt ou a opita vandredi 20 novanm 2020 oubyen ou pèdi oubyen abime bilten vòt ou a, se pou w kominike tanpri avèk AAA nan nimewo 1-800-529-5218 lendi pou vandredi ant 9:00 a.m. a 5:00 p.m. Nou mande pou moun k ap vote yo rele anvan vandredi 20 novanm 2020 pou gen ase tan pou fè livrezon tout anvlòp yo. Nou p ap retounen apèl telefonik e nou p ap voye pa lapòs anvlòp ranplasman / dezyèm bilten vòt pandan wikenn Thanksgiving lan, 26-29 novanm 2020. Manm yo ka mande tou pou yon bilten vòt depi yo voye yon imèl bay Sacha Ulerio nan [ulerios@adr.org](mailto:ulerios@adr.org). Manm yo gendwa kominike tou avèk sipèvizè eleksyon OMLS la, Christina Rim, swa nan 202-860-6942 oswa pa imèl nan [UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov](mailto:UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov) si yo gen kesyon sou demann pou ranplasman yon bilten vòt.
- Li entèdi pou vote pou yon kandida ki ekri alamen. Si gen plis pase yon bilten vòt ki resevwa nan men yon manm, sèl dènye bilten vòt ki resevwa a ap konte pou manm sa a.
- Pou kalifye pou w vote, se pou moun k ap vote a yon manm ki an règ, peye kotizasyon li yo opita samdi 31 oktòb 2020. Manm ki, opita samdi 31 oktòb 2020, ranpli yon aplikasyon pou adezyon e ki enskri pou kote y ap travay la fè dediksyon kotizasyon li yo otomatik se manm ki konsidere pou yo an règ. Moun ki pran retrèt yo pa kapab vote.
- Lendi 14 desanm 2020 a 9:00 a.m., AAA ap ranmanse bilten vòt yo nan U.S. Post Office Church Street Station ki nan 90 Church Street, New York, NY 10007. Apre lè rasanbleman ki site a, reprezantan AAA yo, avèk sipèvizyon reprezantan OLMS yo, ap fè transpò bilten vòt ki vote yo nan sousòl biwo AAA a pou fè verifikasyon kalifikasyon elektè yo. Konte bilten vòt yo ap kòmanse tousuit aprè verifikasyon kalifikasyon elektè yo fèt epi l ap kontinye jiskaske tout bilten vòt moun k ap vote e ki kalifye yo fin konte. Kandida yo gen tout dwa pou yo obsève lè bilten vòt yo ranmase epi konte.
- Konte bilten vòt yo ap fèt tousuit apre nan sousòl biwo AAA a ki nan adrès 120 Broadway nan Manhattan. Tout kandida ak reprezantan yo gendwa obsève lè yo konte bilten yo. Kandida k ap prezante an ekip dwe chwazi yon obsèvatè. Obsèvatè yo dwe pou yo fè konnen yo omwen senk jou alavans yo ta renmen obsève e se pou yo fè sa pa imèl bay [UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov](mailto:UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov). AAA gendwa mete yon limit sou kantite obsèvatè ki genyen pou respekte sekirite COVID-19 la. Pou suiv tout machwasuiv yo, y ap difize nan Zoom lè bilten vòt yo ap konte. Rezilta yo apibliye sou sit entènèt sendika a epi y ap afiche sou chantye travay yo.
- Moun ki eli yo ap enstale a 12:00 p.m. madi 15 desanm 2020 nan biwo santral sendika a.
- Sizoka ta gen yon rezilta vòt ki egal, seksyon Local 17-18 la ap gen yon eleksyon bilten vòt pa lapòs e se OLMS k ap sipèvizè sa. Anvlòp bilten vòt yo ap voye pa lapòs opita vandredi 18 desanm 2020 e bilten vòt ki vote yo ap konte mèkredi 20 janvyè 2021. Avi sou eleksyon an ki distribiye nan anvlòp bilten vòt pa lapòs la ap bay tout enfòmasyon ki nesèsè.

NOTE BYEN : Se yon eleksyon vòt sekre pa lapòs. Konsa, manm yo sipoze ranpli bilten vòt la epi voye l pa **lapòs** apre l fin vote. Bilten vòt yo p ap konte si yo pa resevwa nan bwat postal la. Manm yo pa fèt pou yo ale sou chantye avèk bilten vòt pou fè livrezon alamen pou yo ni pou yo pote bilten vòt la apye nan biwo AAA a. [Bilten vòt ki delivre alamen p ap konte.](#)

## **SE POU MANM YO BAY SENDIKA A TOUT NOUVO ADRÈS PA YO A POU ASIRE YO RESEVWA YON BILTEN VÒT**

Pwotestasyon elektoral yo dwe soumèt alekri bay Ministè travay peyi Etazini, OLMS, sipèvizè eleksyon an, Christina

Rim, opita 4:00 p.m. EST mèkredi 23 desanm 2020 (madi 29 janvyè 2021 pou dezyèm tou eleksyon yo) swa pa imèl [UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov](mailto:UPW1718ElectionSupervisor@dol.gov) oswa nan adrès 201 Varick Street, Room 878, New York, NY 10014-4811. Ta gendwa gen règ siplemantè oubyen klarifikasyon sou politik ki fèt apre anons sa a fin pibliye.